Қорақалпоғистон Республикаси
Хўжайли тумани ҳокими
ҚАРОРИ

Қарақалпақстан Республикасы
Хожели районы ҳәкими
ҚАРАРЫ

231300, Хужайли тумани , Мустақиллик көшеси 14-уй Тел: (8-361) 554-12-72 Факс: 554-15-52

2018 жыл «10»февраль № 185/02

Хожели районы аймағында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде жол ҳәрекети белгилерин орнатыў ҳаққында

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 26-декабрьдеги "Жас өспирилер қатнасында жол транспорт ҳәдийселериниң алдын алыў ҳәм улыўма билим бериў мекемелери әтирапында жол транспорт ҳәрекети қағыйдаларын жәнеде беккемлеў бойынша" 03-09/7-12/1609-санлы ис-илажлары ҳәм Хожели районы ишки ислер бөлиминиң 2017-жыл 13-ноябрь күнги 11/5025-санлы усыныс хатын қарап шығып, Өзбекистан Республикасының "Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистан Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2013 йил 15 апрель, 15-сон, 197-модда)ның 7-статьясына, "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында"ғы Нызамының 25-статьясына муўапық, район аймағында транспорт қуралларының ҳәрекетлениўин тәртипке салыў, жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде, Хожели районы ҳәкими

ҚАРАР ЕТЕДИ:

1. Районлық жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы баслығы (М.Қайпназаров)на ҳәм Хожели районлық абаданластырыў басқармасы баслығы (А.Балтабаев)на Хожели районы аймағында жайласқан:

а) Тақыятас көшеси бойында жайласқан 1-санлы Республикалық Мехрийбанлық үйи, Хожели Медицина колледжи, Транспорт колледжи ҳәм Агроэкономика кәсип-өнер колледжлери имаратлары яғный 4Р171Д жолының 0-2 км. аралығына 3.24 (ең жоқары тезлик 50 км.саат) "тезликти шеклеўши", 7.2.2 қосымша, пиядалар өтиў орнын 5.16.1 ҳәм 5.16.2 жол белгилерин орнатыў;

4Р171Д жолының 3-4 км. аралығына "Хожели Дийхан базары" алдына 3.27, 7.2.2 қосымша, пиядалар өтиў орнын 5.16.1 ҳәм 5.16.2 жол белгилерин орнатыў;

4Р171Д жолының 7-8 км. аралығына 1.27, 3.24, пиядалар өтиў орнын 5.16.1 ҳәм 5.16.2 жол белгилерин орнатыў;

б) "Жипек-жолы" көшесинде жайласқан 53-санлы улыўма билим бериў мектеби, 10-санлы мектепке шекемги мекемеси алдына ҳәм усы көшениң Феруз көшеси менен кесилиспесине (64-мектеп тәрепине) 3.24 (ең жоқары тезлик 50 км.саат) "тезликти шеклеўши", 7.2.2 қосымша, пиядалар өтиў орнын 5.16.1 ҳәм 5.16.2 жол белгилерин орнатыў;

усы көше, 4Н117 автомобиль жолының 1,2 км. аралығы бойында жайласқан "Шедевр" кафеси алдына 3.27, пиядалар өтиў орнын 5.16.1 ҳәм 5.16.2 жол белгилерин орнатыў;

в) 4Р174 жолының 11-15 км. аралығына 3.24 (ең жоқары тезлик 50 км.саат) “тезликти шеклеўши” ҳәм районлық Медицина бирлеспеси алдына 3.27 ҳәм 7.2.2 қосымша жол белгилерин орнатыў;

г) районлық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 65, 69 ҳәм 70-санлы улыўма билим бериў мектеплери алдына 3.24 (ең жоқары тезлик 50 км.саат) “тезликти шеклеўши”, 7.2.2 қосымша, пиядалар өтиў орнын 5.16.1 ҳәм 5.16.2 жол белгилерин орнатыў;

д) Халықлар дослығы көшеси 4Н119А жолының 0-1,5 км. аралығын 3.24 (ең жоқары тезлик 50 км.саат) “тезликти шеклеўши”, 7.2.2 қосымша ҳәм Хожели районы ИИБ имараты алдына 3.27 ҳәм 7.2.2 қосымша жол белгилерин орнатыў;

г) Саманкөл аўыл пуқаралары жыйынында жайласқан 20-санлы улыўма билим бериў мектеби имаратынан баслап Қулаб аўыл пуқаралары жайыны аймағында жайласқан 7-санлы улыўма билим бериў мектеби аралығын 3.24 (ең жоқары тезлик 50 км.саат) “тезликти шеклеўши”, 7.2.2 қосымша ҳәм мектеп имаратлары алдына пиядалар өтиў орнын 5.16.1 ҳәм 5.16.2 жол белгилерин орнатыў ҳәм оның тийисли тәртипте сақланыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

2. Бул қарарды «Хожели ҳақыйқаты» газетасында рәсмий түрде жәриялансын ҳәм район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

3. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Хожели районы ҳәкиминиң орынбасары Д.Толыбаевқа жүклепсин

Хожели районы ҳәкими: **Д.Қайпов**